






Glosè






Glosè sa a ki trè fasil ka sèvi kòm yon referans pou kèk nan vokabilè ki pi enpòtan yo, pou kèk fonksyon ak sèten tèm matematik. Plizyè nan definisyon yo vini ak yon ti egzamp kap ede w konprann konsèp ki enpòtan yo


Sou sit entènèt BigIdeasMath.com nan, w ap jwenn bagay say o:

- Yon glosè ki tradui nan plizyè lang
- Yon seri kat ki gen kesyon ak repons

<p>valè absoli</p> <p>Se distans ki genyen ant yon nonb epi 0 sou yon menm liy. Yo ekri valè absoli yon nonb a konsa a.</p> $ -5 = 5$ $ 5 = 5$	<p>adann</p> <p>Se yon nonb ou ajoute sou yon lòt nonb.</p> <p>Nan adisyon $2 + 3$, nonb 2 oubyen 3 se ajou a.</p>
<p>pwopryete egalite adisyon</p> <p>Si nan yon adisyon ou ajoute yon menm nonb chak kote egal la, tou le de kote yo ap toujou egal.</p> $\begin{array}{rcl} x - 4 & = & 5 \\ + 4 & & + 4 \\ \hline x & = & 9 \end{array}$	<p>adisyon ak inegalite</p> <p>Si ou ajoute yon menm nonb chak kote nan yon inegalite, sa pap chanje anyen.</p> $\begin{array}{rcl} x - 4 & > & 5 \\ + 4 & & + 4 \\ \hline x & > & 9 \end{array}$
<p>pwopryete adisyon zero</p> <p>Si w adisyone nenpòt nonb avèk zero, lap bay menm nonb nan ankò.</p> $5 + 0 = 5$	<p>ekspresyon aljebrik</p> <p>Se yon ekspresyon ki gen nonb, operation epi youn oubyen plizyè varyab ladan l.</p> $8 + x, 6 \times a - b$

<p>ang Se yon figi ki fòme ak de rayon ki gen menm pwen final.</p> 	<p>sifas Se tout sipèfisi yon figi okipe. Yo mezire sifas en kare tankou pye kare (ft^2) oswa mèt kare (m^2).  $A = 5 \times 3 = 15$ inite kare</p>										
<p>pwopryete asosyativ adisyon ak miltiplikasyon Si w change lòd nonb yo ranje sa pap chanje rezulta a.</p> $(3 + 4) + 5 = 3 + (4 + 5)$ $(3 \bullet 4) \bullet 5 = 3 \bullet (4 \bullet 5)$	<p>mwayèn Se yon sèl nonb ki dekri karakteristik tout yon seri done. Mwayèn nan se adisyon tout nonb ki fè pati seri done yo, divize pa kantite nonb ki gen nan done yo. <i>Li mwayèn.</i></p>										
<p>graf an baton Se yon graf kote longè baton yo sèvi pou reprezante epi konpare done yo.</p>  <table border="1"> <thead> <tr> <th>Klas</th> <th>Kantite Elèv</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>6</td> <td>25</td> </tr> <tr> <td>7</td> <td>30</td> </tr> <tr> <td>8</td> <td>20</td> </tr> </tbody> </table>	Klas	Kantite Elèv	6	25	7	30	8	20	<p>sant (yon sèk) Se pwen nan mitan yon sèk ki plase a menm distans de tout lòt pwen ki sou sèk la.</p>		
Klas	Kantite Elèv										
6	25										
7	30										
8	20										
<p>sèk Yon ansanb pwen nan yon plan ki plase a menm distans avèk yon pwen ki rele sant.</p> 	<p>graf an sèk Reprezante done yo tankou plizyè pati de yon ansanb. Sèk la reprezante tout done yo. Lè w fè adisyon tout ang nan yon graf an sèk li bay 360°.</p>  <table border="1"> <thead> <tr> <th>Fruit</th> <th>Prefere</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>Orange</td> <td>Blue</td> </tr> <tr> <td>Banana</td> <td>Green</td> </tr> <tr> <td>Apple</td> <td>Red</td> </tr> <tr> <td>lòt</td> <td>Yellow</td> </tr> </tbody> </table>	Fruit	Prefere	Orange	Blue	Banana	Green	Apple	Red	lòt	Yellow
Fruit	Prefere										
Orange	Blue										
Banana	Green										
Apple	Red										
lòt	Yellow										

<p>sikonferans</p> <p>Se distans tout ronn sèk la.</p> 	<p>faktè komen</p> <p>Se yon faktè ka divize de ou plizyè nonb antye.</p> <p>2 se yon faktè komen pou 8 ak 10.</p>
<p>pwopryete komitativ adisyon ak miltiplikasyon</p> <p>Si w chanje lòd nonb nan yon adisyon oubyen nan yon miltiplikasyon, sa pap chanje rezulta a.</p> $2 + 8 = 8 + 2$ $2 \bullet 8 = 8 \bullet 2$	<p>nonb konpatib</p> <p>Nonb ki pèmèt ou fè kalkil mantal fasilman.</p> $237 \div 5 \frac{5}{7} \approx 237 \div 6$ $\approx 240 \div 6$ $= 40$
<p>figi konpozit</p> <p>Yon figi ki konpoze ak triyang, kare, rektang, demisèk, ak lòt figi a de dimansyon.</p> 	<p>kongryan (figi)</p> <p>Plizyè figi ki gen egzakteman menm dimansyon ak menm fòm.</p> 
<p>plan koòdone</p> <p>Yon plan koòdone fòme kote yon liy horizontal a nimewo, yo rele x-aksis, rankontre ak yon seri liy vètikal a nimewo, yo rele y-aksis.</p> 	<p>kib</p> <p>Yon pris ki gen 6 fas kare kongryan.</p> 



<p>inite kibik The units volume is measured in. Sa ki itilize pou mezire volim.</p> <p>Pye kib (ft^3), mèt kib (m^3)</p>	<p>done Enfòmasyon, ki souvan sou fòm nonb oubyen sou kèk reyalite.</p>
<p>desimal Yon nonb ki ekri ak system ki gen dis kòm baz. Chak chif vo dis fwa chif ki a dwat li a.</p> <p>Desimal 2.15 reprezante 2 inite plis 1 dizyèm plis 5 santyèm, oubyen de ak kenz santyèm.</p>	<p>denominatè Nonb ki plase anba ba fraksyon an nan yon fraksyon. Nan fraksyon $\frac{2}{5}$, denominate a se 5.</p>
<p>dyagonal Yon segman ki konekte de kote nan yon polygòn ki vin youn apre lòt.</p> 	<p>dyamèt (yon sèk) Distans ant yon sèk ak sant li. <i>Gade sikonferans.</i></p>
<p>diferans Rezulta soustraksyon yon nonb de yon lòt nonb Diferans 4 ak 3 se $4 - 3$, oubyen 1.</p>	<p>propryete distribitif Pou miltiplye yon sòm oubyen yon diferans, miltiplye chak nonb kin an sòm oubyen diferans la pa nonb ki deyò parantèz yo. Apre sa, fè evalyasyon.</p> $3(2 + 9) = 3(2) + 3(9)$ $3(2 - 9) = 3(2) - 3(9)$


<p>dividann</p> <p>Nonb ki pou divize a nan yon divisyon Nan $25 \div 5$, dividann nan se 25.</p>	<p>divizib</p> <p>Yon nonb divizib pa yon lòt si lòt nonb sa a se yon faktè premye nonb nan. 30 divizib pa 5, akòz 5 se yon faktè de 30.</p>									
<p>pwopriete egalite divizyon</p> <p>Si w divize chak kote nan yon ekwasyon pa yon menm nonb, de kote yo ap toujou egal.</p> $4x = 32$ $\frac{4x}{4} = \frac{32}{4}$ $x = 8$	<p>pwopriete inegalite divizyon</p> <p>Si w divize chak kote nan yon inegalite pa yon menm nonb, inegalite an ap toujou vrè.</p> $4x < 8$ $\frac{4x}{4} < \frac{8}{4}$ $x < 2$									
<p>divisè</p> <p>Nonb you itilize pou divize yon lòt nonb nan yon divizyon. Nan $40 \div 5$, divisè a se 5.</p>	<p>graf an baton doub</p> <p>Yon graf an baton ki montre de seri done sou yon menm graf.</p> <table border="1"> <caption>Mwayèn skò tès</caption> <thead> <tr> <th>Tès</th> <th>Klas A (Skò)</th> <th>Klas B (Skò)</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>Tès 1</td> <td>~90</td> <td>~80</td> </tr> <tr> <td>Tès 2</td> <td>~85</td> <td>~75</td> </tr> </tbody> </table>	Tès	Klas A (Skò)	Klas B (Skò)	Tès 1	~90	~80	Tès 2	~85	~75
Tès	Klas A (Skò)	Klas B (Skò)								
Tès 1	~90	~80								
Tès 2	~85	~75								
<p>ekwasyon</p> <p>Yon fraz matematik ki itilize siy egal $=$, pou montre de ekspresyon egal.</p> $4x = 16, a + 7 = 21$	<p>ekspressyon ekivalan</p> <p>Plisyè ekspresyon ki gen menm valè.</p> $7 + 4, 4 + 7$									



<p>fraksyon ekivalan</p> <p>Plizyè fraksyon ki reprezante yon menm nonb. $\frac{2}{4}$ and $\frac{9}{18}$ ekivalan paske yo reprezante $\frac{1}{2}$.</p>	<p>rapò ekivalan</p> <p>De rapò ki dekri yon menm relasyon.</p> $\frac{2}{3} = \frac{4}{6}$
<p>estimasyon</p> <p>non: Yon solisyon apwoksimatif pou yon pwoblèm. 2π egal anviwon 6.28.</p> <p>vèb: Jwenn yon solisyon apwoksimatif pou yon pwoblèm. Ou ka estimate sòm $98 + 53$ a $100 + 50$, oubyen 150.</p>	<p>evalye (yon ekspresyon aljebrik)</p> <p>Chanje chak varyab nan yon ekspresyon aljebrik pa yon nonb. Apre sa, itilize lòd operasyon yo pou jwenn ekspresyon nimerik la.</p> <p>Evalye $3x + 5$ si $x = 6$.</p> $\begin{aligned} 3x + 5 &= 3(6) + 5 \\ &= 18 + 5 \\ &= 23 \end{aligned}$
<p>ekspozan</p> <p>Yon ekspozan yon pwisans se kantite fwa faktè a repete.</p> <p>Ekspozan pwisans 2^4 se 4.</p>	<p>ekspresyon</p> <p>Yon fraz matematik ki gen nonb, operasyon, ak/oubyen varyab.</p> <p><i>Chèche ekspresyon nimerik oubyen ekspresyon aljebrik.</i></p>
<p>faktè</p> <p>Lè plizyè nonb antye diferan de zero miltipliye ansanm, chak nonb sa yo se yon faktè nan pwodwi a.</p> <p>$2 \times 3 \times 4 = 24$, konsa 2, 3, epi 4 se faktè 24.</p>	<p>fòmil</p> <p>Yon ekwasyon ki montre kijan yon varyab relye ak youn oubyen plizyè lòt varyab.</p> <p>$A = \ell w$ se fòmil pou kalkile sifas yon rektang.</p>



<p>fraksyon</p> <p>Yon nonb ki sou fòm $\frac{a}{b}$, kote $b \neq 0$.</p> $\frac{1}{2}, \frac{5}{9}$	<p>fonksyon</p> <p>Yon relasyon ki mete dezade chak antre avèk egzakteman yon Sòti.</p> <p>Pè òdone $(0, 1), (1, 2), (2, 4)$, e $(3, 6)$ reprezante yon fonksyon.</p> <table border="1" style="margin-left: auto; margin-right: auto;"> <thead> <tr> <th>Pè Òdone</th> <th>Antre</th> <th>Sòti</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>$(0, 1)$</td> <td>0</td> <td>1</td> </tr> <tr> <td>$(1, 2)$</td> <td>1</td> <td>2</td> </tr> <tr> <td>$(2, 4)$</td> <td>2</td> <td>4</td> </tr> <tr> <td>$(3, 6)$</td> <td>3</td> <td>6</td> </tr> </tbody> </table>	Pè Òdone	Antre	Sòti	$(0, 1)$	0	1	$(1, 2)$	1	2	$(2, 4)$	2	4	$(3, 6)$	3	6
Pè Òdone	Antre	Sòti														
$(0, 1)$	0	1														
$(1, 2)$	1	2														
$(2, 4)$	2	4														
$(3, 6)$	3	6														
<p>règ fonksyon</p> <p>Yon ekwasyon ki montre relasyon ant antre ak Sòti.</p> <p>Règ fonksyon “Sòti la mwens pase twa fwa antre la” reprezante pa ekwasyon $y = x - 3$.</p>	<p>graf (yon fonksyon)</p> <p>Yon reprezentasyon de tout pwen ki reprezante solisyon règ yon fonksyon.</p> <p>Graf $y = x + 2$ parèt konsa.</p>															
<p>graf yon inegalite</p> <p>Yon graf ki montre tout solisyon yon inegalite sou yon liy gradye.</p> $x > 2$	<p>pigran faktè komen (GFK)</p> <p>Pi gran faktè komen de ou plizyè nonb antye ki diferan de zero.</p> <p>Faktè komen 12 ak 20 se 1, 2, ak 4. Konsa, GFK 12 ak 20 se 4.</p>															
<p>ekspresyon fraksyonè</p> <p>Yon fraksyon kote numeratè a pi gran oubyen egal ak denominated a.</p> $\frac{5}{4}, \frac{9}{9}$	<p>induktiv</p> <p>Tire konklizyon sou plizyè ka diferan.</p>															


<p>inegalite</p> <p>Yon fraz matematik ki konpare plizyè ekspresyon. Wap jwenn ladan l senbòl sa yo $<$, $>$, \leq, or \geq.</p> $x - 4 < 14, x + 5 \geq 67$	<p>antre</p> <p>Yon nonb ki fè yon fonksyon ekziste.</p> <p><i>Chèche fonksyon.</i></p>										
<p>tab antre-Sòti</p> <p>Yon tab ki gen lis Sòti ki koresponn a chak fonksyon.</p> <table border="1" data-bbox="274 705 518 958"> <thead> <tr> <th>Antre, x</th><th>Sòti, y</th></tr> </thead> <tbody> <tr> <td>1</td><td>3</td></tr> <tr> <td>2</td><td>4</td></tr> <tr> <td>3</td><td>5</td></tr> <tr> <td>4</td><td>6</td></tr> </tbody> </table>	Antre, x	Sòti, y	1	3	2	4	3	5	4	6	<p>nonb antye relatif</p> <p>Nonb sa yo.</p> $\dots, -5, -4, -3, -2, -1, 0, 1, 2, 3, 4, 5, \dots$
Antre, x	Sòti, y										
1	3										
2	4										
3	5										
4	6										
<p>operasyon envès</p> <p>Operyon ki opoze youn ak lòt, tankou adisyon ak soustraksyon epi miltiplikasyon ak divizyon.</p>	<p>pi piti denominatè komen (PPDK)</p> <p>Pi piti miltip komen nan tout denominate de oubyen plizyè fraksyon.</p> <p>Pi piti denominate komen $\frac{3}{4}$ ak $\frac{5}{6}$ se pi piti miltip komen pou 4 ak 6, oubyen 12.</p>										
<p>pi piti miltip komen (PPMK)</p> <p>Pi piti nan tout miltip komen pou de oubyen plizyè nonb antye diferan de zero.</p> <p>Miltip 10: 10, 20, 30, 40, ... Miltip of 15: 15, 30, 45, 60, ...</p> <p>Pi piti miltip komen pou 10 ak 15 se 30.</p>	<p>tèm sanblab</p> <p>Tèm ki gen kèk varyab idantik.</p> $4 \text{ ak } 8, 2x \text{ ak } 7x$										


<p>Liy Yon seri pwen ki pwolonje san fen nan de direksyon opoze.</p> 	<p>segman Pati nan yon liy ki fèt ak de pwen yo rele limit, epi tout pwen ki sou liy la kin an mitan limit yo.</p> 
<p>fonksyon lineyè Yon fonksyon kote graf li se yon liy.</p> 	<p>dyagram mapin Yon fason pou reprezante yon fonksyon.</p>  <pre> graph LR subgraph Antre 1[1] 2[2] 3[3] 4[4] end subgraph Soti 3[3] 4[4] 5[5] 6[6] end 1 --> 3 2 --> 4 3 --> 5 4 --> 6 </pre>
<p>mwayèn Sòm tout valè nan yon seri done divize pa nonb done kin an seri a.</p> <p>Mwyèn valè 7, 4, 8, ak 9 se</p> $\frac{7 + 4 + 8 + 9}{4} = \frac{28}{4} = 7.$	<p>mezi tandans santral Yon mezi ki reprezante sant yon seri done.</p> <p>Mwayè, medyàn ak mòd, tout se mezi tandans santral.</p>
<p>medyàn Pou yon seri done ki gen yon kantite nonb enpè, medyàn nan se nonb ki o milye done yo. Pou yon seri done ki gen yon kantite nonb pè, medyàn nan se mwayèn de nonb ki o milye yo.</p> <p>Medyàn seri done 24, 25, 29, 33, 38 se 29 paske 29 se valè ki o milye a.</p>	<p>nonb fraksyonè Yon nonb ki fòme ak yon nonb antye ansanm ak yon fraksyon.</p> $3\frac{1}{2}, 6\frac{2}{3}$



<p>mòd</p> <p>Nonb ki repeète pi souvan nan yon seri done. Yon seri done ka gen youn oubyen plizyè mòd.</p> <p>Mòd seri done 3, 4, 4, 7, 7, 9, 12 se 4 ak 7 paske yo repeète pi souvan.</p>	<p>pwopryete miltiplikasyon zero ak en</p> <p>Miltiplikasyon nenpòt nonb ak 0 bay zero. Miltiplikasyon nenpòt nonb ak 1 bay menm nonb nan.</p> $5 \bullet 0 = 0$ $6 \bullet 1 = 6$
<p>pwopryete miltiplikasyon ekwasyon</p> <p>Si w miltiplye chak kote nan yon ekwasyon pa yon menm nonb diferan de zero, de kote yo toujou rete egal.</p> $\frac{x}{4} = 2$ $\frac{x}{4} \bullet 4 = 2 \bullet 4$ $x = 8$	<p>Pwopryete miltiplikasyon inegalite</p> <p>Si w miltiplye chak kote nan yon inegalite pa yon menm nonb diferan de zero, inegalite an ap toujou vrè.</p> $\frac{x}{4} < 2$ $\frac{x}{4} \bullet 4 < 2 \bullet 4$ $x < 8$
<p>nonb antye relativ negativ</p> <p>Nonb antye relativ ki pi piti pase 0.</p> $-1, -2, -3, -4, -5, \dots$	<p>Nonb negatif</p> <p>Yon nonb ki piti pase 0.</p> $-0.25, -10, -500$
<p>liy gradye</p> <p>Yon liy kote pwen yo asosye ak nonb ki augmente de goch à dwat.</p> 	<p>nimeratè</p> <p>Nonb ki anwo ba fraksyon an nan yon fraksyon.</p> <p>Nan fraksyon $\frac{2}{5}$, numeratè a se 2.</p>



<p>ekspresyon nimerik</p> <p>Yon ekspresyon ki fèt sèlman ak nonb epi kalkil.</p> $12 + 6, 18 + 3 \times 4$	<p>lòd operasyon</p> <p>Lòd pou fè yon operasyon lè wap evalye yon ekspresyon ki gen youn oubyen plizyè operasyon.</p> <p>Pou evalye $5 + 2 \times 3$, ou fè miltiplikasyon an anvan adisyon an</p>
<p>pè òdone</p> <p>De nonb (x, y) ki utilize pou localize yon pwen nan yon plan koòdone. Premye nonb nan se koòdone-x, epi dezyèm nan se koòdone-y.</p>  <p>Koòdone-x pwen $(-2, 1)$ se -2, epi koòdone-y la se 1.</p>	<p>orijin</p> <p>Pwen ki reprezante pa pè òdone $(0, 0)$, kote aks-x rankontre aks-y la nan yon plan koòdone.</p> <p><i>Chèche plan koòdone.</i></p>
<p>awoutlayè</p> <p>Yon valè nan yon done ki pi gran oswa pi piti pase lòt valè yo.</p> <p>Nan seri done $23, 42, 33, 117, 36$, ak 40, Awoutlayè a se 117.</p>	<p>Sòti</p> <p>Yon nonb ki pwodwi apre evalyasyon yon fonksyon lè w itilize yon antre.</p> <p><i>Chèche fonksyon.</i></p>
<p>sirestime</p> <p>Yon estimasyon ki pi gran pase nonb ekzat la.</p> $\begin{aligned} 16\frac{1}{4} \times 4\frac{2}{5} &\approx 17 \times 5 \\ &= 85 \end{aligned}$	<p>paralèl (liy)</p> <p>De liy nan yon menm plan ki pa rankontre.</p> 




<p>paralelogram</p> <p>Yon kwadrilatè ki gen de pè kote paralèl.</p> 	<p>pousantaj</p> <p>Kantite ki genyen sou chak san</p> $37\% = 37 \text{ out of } 100 = \frac{37}{100}$														
<p>perimèt</p> <p>Distans ki antoure yon figi. Perimèt mezire ak mezi lineyè tankou pye (ft) oubyen mèt (m).</p>  <p>$\text{Perimèt} = 18 + 6 + 18 + 6 = 48 \text{ ft.}$</p>	<p>pi (π)</p> <p>Se rapò sikonferans yon sèk a dyamèt li.</p> <p>Ou ka itilize 3.14 oubyen $\frac{22}{7}$ pou fè apwoksimasyon π.</p>														
<p>piktograf</p> <p>Yon graf ki itilize foto oubyen senbòl pou montre done.</p>  <table border="1"> <thead> <tr> <th>Day</th> <th>Miles Cycled</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td>Lundi</td> <td>4 miles</td> </tr> <tr> <td>Mardi</td> <td>5 miles</td> </tr> <tr> <td>Mèkredi</td> <td>3 miles</td> </tr> <tr> <td>Jedi</td> <td>2 miles</td> </tr> <tr> <td>Vandredi</td> <td>3 miles</td> </tr> <tr> <td>Samdi</td> <td>10 miles</td> </tr> </tbody> </table>	Day	Miles Cycled	Lundi	4 miles	Mardi	5 miles	Mèkredi	3 miles	Jedi	2 miles	Vandredi	3 miles	Samdi	10 miles	<p>valè chif</p> <p>Valè chak chif nan yon nonb depann de pozisyon-1 nan nonb nan.</p> <p>Nan 521, 5 nan plas santèn yo donk li gen valè 500.</p>
Day	Miles Cycled														
Lundi	4 miles														
Mardi	5 miles														
Mèkredi	3 miles														
Jedi	2 miles														
Vandredi	3 miles														
Samdi	10 miles														
<p>plan</p> <p>Yon sifas plàn ki pa gen limit nan youn ou lòt direksyon.</p>	<p>pwen</p> <p>Yon pozisyon nan lespas ki reprezante pa yon ti wonn.</p>														

<p>poligòn</p> <p>Yon plan fèmen ki fèt ak twa liy ou plis ki entèsekte sèlman nan pwen final yo.</p> 	<p>nonb antye relativ pozitif</p> <p>Nonb antye relativ ki pi gran pase zero.</p> <p>1, 2, 3, 4, 5, ...</p>
<p>nonb pozitif</p> <p>Yon nonb ki pi gran pase 0.</p> <p>0.5, 2, 100</p>	<p>pwisans</p> <p>Rezulta ki soti nan miltiplikasyon repeète yon menm nonb oybuen ekspresyon. Yon pwisans fòme ak yon baz epi yon ekspozan.</p> <p>2^4 se yon pwisans ki gen baz 2 ak ekspozan 4.</p>
<p>prim faktè</p> <p>Yon nonb antye ki se rezulta miltiplikasyon plizyè prim nonb.</p> <p>$60 = 2 \times 2 \times 3 \times 5$</p>	<p>prim nonb</p> <p>Yon nonb antye pi gran pase 1 ki gen kòm faktè sèlman 1 ak li menm.</p> <p>2, 3, 5, 7, 11, 13, 17, 19, 23, 29, 31, ...</p>
<p>pwodui</p> <p>Rezulta ou jwenn lè w miltipliye de nonb oubyen plis.</p> <p>Pwodui 4 ak 3 se 4×3, oubyen 12.</p>	<p>kadran</p> <p>Kat rejon entèsekson aks-x ak aks-y kreye nan yon plan koòdone.</p> <p><i>Chèche plan koòdone</i></p>

<p>kwadrilaté Yon polygon ki gen kat kote.</p> 	<p>kosyan Rezulta yon divizyon Kosyan 10 ak 5 se $10 \div 5$, oubyen 2.</p>
<p>reyon (yon sèk) Distans soti nan sant yon sèk pou rive nan nenpòt pwen nan yon sèk. <i>Chèche sikonferans.</i></p>	<p>entèval (yon seri done) Diferans ant pi gran valè nan yon seri done ak pi piti valè a. Entèval la montre ki distans ki genyen ant done yo. Entèval seri done 12, 16, 18, 22, 27, 35 se $35 - 12 = 23$.</p>
<p>rit Rapò ant de kantite ki mezire ak inite diferan. Ou li 3 liv chak 2 semenn.</p>	<p>rapò konparezon de kantite pa mwayen yon divizyon. Rapò a sou b ($kote b \neq 0$) kapab ekri kòm a sou b, $a : b$, oubyen $\frac{a}{b}$. 4 sou 1, $4 : 1$, oubyen $\frac{4}{1}$</p>
<p>vektè Yon pati nan yon liy ki gen yon limit men ki kontinye nan yon direksyon san limit.</p> 	<p>resipwòk De nonb ki bay 1 lè w miltipliye yo ansam. Akòz $\frac{4}{5} \times \frac{5}{4} = 1$, $\frac{4}{5}$ ak $\frac{5}{4}$ se resipwòk.</p>

<p>rektang Yon paralelogram ki gen ka tang dwa.</p> 	<p>pris rektangilè Yon figi a twa dimansyon ki gen 6 kote rektangilè.</p> 
<p>rès Lè yon divizè pa divize yon dividann a pati egal, rès la se nonb antye ki rete apre divizyon an.</p> $\begin{array}{r} 4 \\ 7 \overline{) 30} \\ \underline{-28} \\ 2 \end{array}$ <p>R 2 The remainder is 2.</p>	<p>desimal repeète Yon desimal ki repeète yon model nimerik ki gen youn oubyen plizyè chif.</p> $0.555\dots = 0\bar{5}$ $1.727272\dots = 1.\bar{7}\bar{2}$
<p>arondi Pou rapwoche yon nonb de yon valè byen detèmine.</p> <p>Si w arondi 132 ak dis ki pi pre a lap bay 130.</p>	<p>démisèk Mwatye yon sèk.</p> 
<p>fòm pi senp yon fraksyon Yon fraksyon sou fòm pi senp lè numerate ak denominatè a gen 1 pou pi gran faktè komen yo.</p> <p>Fòm ki senp pou fraksyon $\frac{10}{15}$ se $\frac{2}{3}$.</p>	<p>solisyon (yon ekwasyon) Yon valè ki fè yon ekwasyon vrè.</p> <p>6 se solisyon ekwasyon $x - 4 = 2$.</p>

<p>solisyon yon inegalite Yon valè ki fè yon inegalite vrè. Solisyon inkwasyon $x + 3 > 9$ se $x = 12$.</p>	<p>ansanm solisyon Ansanm tout solisyon yon inegalite.</p>
<p>rezoud yon fòmil Chèche valè yon varyab lè w ranplase nonb yo pa lòt varyab.</p> $\begin{aligned}\ell &= 6 \text{ in., } w = 10 \text{ in.} \\ P &= 2\ell + 2w \\ &= 2(6) + 2(10) \\ &= 32 \text{ in.}\end{aligned}$	<p>kare Yon paralelogram ki gen ka tang dwa epi kat kote ki gen menm longè.</p> 
<p>pwopryete soustraksyon ekwasyon Si w fè soustraksyon yon menm nonb tou le de kote yon ekwasyon, de kote yo ap toujou rete egal.</p> $\begin{array}{rcl}x + 4 &=& 5 \\ -4 && -4 \\ \hline x &=& 1\end{array}$	<p>pwopryete soustraksyon inegalite Si w fè soustraksyon yon menm nonb tou le de kote yon inegalite, inekwason an ap toujou vrè.</p> $\begin{array}{rcl}x + 4 &>& 5 \\ -4 && -4 \\ \hline x &>& 1\end{array}$
<p>sòm Rezulta lè w ajoute de nonb ou plis. Sòm 4 ak 3 se $4 + 3$, oubyen 7.</p>	<p>spèfisi yon solid Sòm sifas eksteryè solid la.</p>  $\begin{aligned}\text{Surface area} &= 2\pi r^2 + 2\pi rh \\ &\approx 904.32 \text{ mm}^2\end{aligned}$

<p>dènye desimal Yon desimal ki an dènye. Yon desimal ki ka ekri sou sòm fraksyon.</p> <p style="text-align: center;">1.5, 2.58, 100.1</p>	<p>tèm Pati nan yon ekspresyon yo ajoute ansanm. Tèm $4x + 7$ se $4x$ ak 7.</p>
<p>figi a twa dimansyon Yon figi ki gen longè, lajè ak pwofondè.</p> 	<p>trapèz Yon kwadrilatè ki gen egzakteman de kote paralèl.</p> 
<p>triyang Yon polygòn ki gen twa kote.</p> 	<p>figi a de dimansyon Yon figi ki sèlman gen longè ak lajè.</p> 
<p>ekwasyon a de etap Yon ekwasyon ki nesesite de operasyon diferan.</p> $3x + 4 = 7, 2x - 5 = 13$	<p>souzestime Yon estimasyon ki pi piti pase repons egzat la.</p> $\begin{aligned} 35\frac{7}{8} \times 8\frac{1}{3} &\approx 35 \times 8 \\ &= 280 \end{aligned}$

<p>kou initè Yon to initè pou kou chak inite. Kou chak boutèy se \$3.</p>	<p>to initè Yon to ki konpare yon quantite ak yon inite nan yon lòt kantite. Limit vitès la se 65 mil pa è.</p>
<p>varyab Yon senbòl, jeneralman yon lèt, ki reprezante youn oubyen plizyè nonb. x se yon varyab nan $2x + 1$.</p>	<p>pwent yon poligòn Yon pwent kote de kote yon polygon rankontre. <i>Chèche poligòn.</i></p>
<p>volim Yon mezi kantite espas yon figi a twa dimansyon okipe. Volim mezire an inite kibik tankou pye kib (ft^3) oubyen mèt kib (m^3).  $V = \ellwh = 12(3)(4) = 144 \text{ ft}^3$ </p>	<p>nonb antye Nonb 0, 1, 2, 3, 4,</p>
<p>aks- x Liy gradye orizontal nan yon plan koòdone. <i>Chèche plan koòdone.</i></p>	<p>koòdone- x Premye koòdone nan yon pè odone ki endike konbyen inite kap deplase à goch ou a dwat. Nan pè òdone (3, 5), koòdone x se 3.</p>

aks- y

Liy gradye vètikal nan yon plan koòdone

Chèche plan koòdone.

koòdone- y

Dezyèm koòdone nan yon pè odone ki endike konbyen inite kap deplase an wo oubyen anba.

Nan pè òdone (3, 5), koòdone y se 5.